

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, seni terebang sejak kaasup kana kasenian tradisional nu masih lumaku di Kampung Naga Désa Néglasari Kecamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya. Seni terebang sejak nyaéta kasenian tradisional nu hirup di Kampung Naga nu dilaksanakeun pikeun sarana hiburan keur masarakat Kampung Naga. Dumasar kana kekecapanana, terebang sejak kabagi kana dua kecap nyaéta “terebang” jeung “sejak”. Kecap “terebang” nu hartina nuduhkeun kana ngaran waditra terebang nu wangunna siga rebana, sedengkeun kecap “sejak” mangrupa sebutan pikeun kasenian terebang nu aya di Kampung Naga. Udagan tina ieu seni terebang sejak di jaman bihari salaku media pikeun nyebarkeun agama Islam hususna di wilayah Néglasari. Sedengkeun di jaman kiwari salaku sarana hiburan pikeun masarakat Kampung Naga. Jumlah pamaén dina ieu kasenian kabéhna aya genep pamaén nyaéta pamaén bajidor, pamaén kempring, pamaén turuktuk, pamaén bangsing, pamaén gedemung, jeung pamaén indung. Seni terebang sejak mangrupa kasenian tradisional nu diwariskeun ti kolot baheula nu kudu dijaga sangkan teu leungit ku kamekaran jaman. Seni terebang sejak diwariskeun sacara turun-tinurun ti generasi ka generasi ngaliwatan lisan jeung tulisan.

Runtuyan kagiatan dina pintonan seni terebang sejak kabagi kana tilu bagéan nyaéta pra pintonan, pintonan, jeung sabada pintonan. Dina pra pintonan seni terebang sejak kagiatan nu dilaksanakeun nyaéta nyeser. Nyeser mangrupa prosés nyetémkeun kulit terebang ku cara nakolan hoé salaku pangganjel kulit terebang nu aya di jero kuluwung terebang ku panyeser, bari nakolan paseuk nu aya di sisi terebang sangkan meunangkeun sora nu dipiharep. Dina bagéan pintonan, seni terebang sejak kabagi kana tilu bagéan nyaéta bagéan mimiti, bagéan tengah, jeung bagéan pamungkas. Dina bagéan mimiti disebutna bagéan bubuka, nu sok dibuka ku tabeuhan bubuka tuluy disambung ku “Shalawat Alaika”. bagéan bubuka kaasup bagéan nu kawilang sakral, lantaran dina bagéan bubukan mangrupa pamundut do’a ka Allah Swt. jeung pupujian ka Nabi Muhammad saw sangkan

dibéré kalancaran jeung ka ridoan dina ngalaksanakeun kagiatanana. Dina bagéan kadua atawa biasa disebut bagéan hiburan, lalaguan nu dihaleuangkeun mangrupa lagu tradisi ti mimiti lagu buhun, wanda anyar, jeung pop sunda. Lagu tradisi nu mimiti dihaleuangkeun nyaéta lagu “Kidung Pangraja”. Ieu lagu mangrupa lagu pikeun ménta widi ka karuhunna sangkan dibéré kalancaran dina mintonkeun seni terebang sejak salaku kasenian nu geus diwariskeunana. Di bagéan tengah ogé sok disisipan ku nu nari salaku penikmat lagu. Tuluy kana bagéan pamungkas, lagu nu sok dihaleuangkeun nyaéta lagu “Mitra”. Lagu “Mitra” mangrupa lagu pikeun pamitan ka nu boga acara. Lagu “Mitra” ogé diwangun ku sababraha sisindiran nu eusina papatah. Nu pamungkas aya sabada pintonan, dina sabada pintonan seni terebang sejak nu dilaksanakeun nyaéta silaturahmi ka nu boga acara jeung parasmanan. Ieu kagiatan pungsina pikeun ngaraketkeun tali silaturahmi antara pamaén seni terebang sejak jeung nu boga acara.

Dumasar hasil panalungtikan, unsur-unsur éstétika nu kapaluruh dina seni terebang sejak kabagi kana tilu aspék nyaéta wujud atawa wangun, bobot atawa eusi, jeung *penampilan*. Nu kaasup kana aspék wujud atawa wangun dina seni terebang sejak nyaéta properti, pamaén, waditra, tata panggung, tata pakéan, jeung tata lampu. Nu kaasup kana aspék bobot atawa eusi dina seni terebang sejak aya tilu rupa nyaéta suasana, gagasan, jeung amanat. Suasana nu ka gambar dina seni terebang sejak nyaéta tingtrim jeung gumbira. Gagasan nu nyampak dina seni terebang sejak nyaéta da’wah nu dibungkus jeung dipintonkeun ngaliwatan media terebang nu di jerona diseselan hiburan salaku pangirut nu lalajo. Dina amanat nyampak dua ajén nyaéta ajén moral jeung ajén spiritual. Ajén moran nu nyampak dina seni terebang sejak nyaéta rasa sauyunan, gotong royong, jeung silih argan ka sasama nu luhur. Ajén spiritual nu nyampak dina seni terebang sejak nyaéta papatah jeung atikan ngeunaan kahirupan jeung ka Agamaan nu kacatet dina lalaguanana. Dina *penampilan*, seni terebang sejak dipangaruhan ku tilu aspék nyaéta bakat, kaparigelan, jeung sarana atawa média. Bakat dina seni terebang sejak nyampak dina pamaénna. Unggal pamaén ngabogaan bakat lantaran dina seni terebang sejak aya nu ngaranna prosés latihan. Teu jauh béda jeung bakat, aspék kaparigelan ogé nyampak dina unggal pamaén seni terebang sejak jeung prosésna

sarua jeung bakat. Sarana atawa media dina pintonan seni terebang sejak mangrupa tempat minton seni terebang sejak, matéri, waditra, raksukan, jeung pamaén.

## **5.2 Implikasi**

Seni terebang sejak ngabogaan mangpaat salaku hiburan ogé atikan umumna pikeun masarakat luar hususna pikeun masarakat Kampung Naga. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh masarakat umum ngeunaan kasenian tradisional nu aya di tatar Sunda. Ieu panalungtikan ogé medar ngeunaan unsur-unsur éstétika dina seni terebang sejak nu ngabogaan udagan pikeun méré pangaweruh ngeunaan unsur-unsur éstétika nu nyampak dina pintonan seni terebang sejak. Salian ti éta, ieu panalungtikan minangka panalungtikan nu leuwih teleb ngeunaan seni terebang sejak nu geus ditalungtik saméméhna.

## **5.3 Rekomendasi**

Sabada ngaréngsékeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun ku panalungtik. 1) panalungtik miharep ieu seni terebang sejak dijadikeun warisan seni hususna ku Désa Néglasari, umumna ku lembaga-lembaga kasenian nu aya di Kabupatén Tasikmalaya tur bisa dipromosikeun ka masarakat umum sangkan ngarojong kana ékonomi masarakat Kampung Naga jeung teu leungit ku kamekaran jaman. 2) pikeun masarakat nu maca ieu skripsi, dipiharep bisa neruskeun deui ieu informasi ngeunaan seni terebang sejak sangkan seni terebang sejak bisa leuwih di pikawanoh ku masarkat umum. 3) masih réa keneh kasinian-kasenian tradisional nu aya di tatar Sunda nu acan kaguar. Ku kituna, pikeun panalungtik nu salajengna dipiharep bisa ngaguar deui nu leuwih teleb ngeunaan kasenian-kasenian tradisional umumna nu aya di tatar Sunda, hususna kasenian tradisional nu aya di kampung adat.